

**SS.7.C.3.13 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 4:** Elèv yo ap rekonèt Konstitisyon Etazini an kòm lwa siprèm nan peyi a.

Atik VI (Sis) nan Konstitisyon Etazini an genyen **Klòz Sipremasi**, ki di ke Konstitisyon Etazini an se "lwa siprèm nan peyi a". Sa vle di ke pa gen okenn lwa ki pi wo pase Konstitisyon Etazini an. Si yon lwa lokal oswa yon lwa eta an konfli ak yon lwa nasyonal, lwa lokal la oswa lwa eta a ap tonbe a tè, e lwa nasyonal la rete an plas.

**Klòz Sipremasi**- klòz ki deklare ke Konstitisyon Etazini an se lwa siprèm nan peyi a, e ke lwa nasyonal yo sipwèm sou lwa eta yo, ke yo jwenn nan Atik VI (sis)